

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa minangka mahluk nu ngabogaan budaya, lantaran boga akal jeung pikiran anu ngabédakeun jeung makhluk séjénna. Numutkeun Danadibrata (2009 kc. 108) “kecap budaya asalna tina basa Sangsekerta, nyaéta ringkesan kecap “budi” jeung “daya” anu hartina usaha, tanaga, karep, pikiran jeung perasaan jelema; kabudayaan dihartikeun salaku hasil tanaga, karep, pikiran sarta perasaan jelema guna nambahan kasenangan jeung kani’matan jelema ku rupa-rupa akal jelema”.

Dina kahirupanana manusa tangtu bakal ngalaman prosés kahirupan anu ilahar disebut daur hirup/*life cycle*. Prawirasuganda (1964, kc.5) nétélakeun yén daur hirup manusa ngawengku opat *fase* nyaéta lahir, sunatan, kawin jeung maot. Hakékatna, daur hirup dimimitian ku prosés gubragna ka alam dunya sanggeus aya dina rahim nu jadi indung salila salapan bulan, nepi ka maotna. Ieu hal luyu jeung pamadegan Hadiati (2016 kc. 28) anu nétélakeun yén,

*“daur hidup yaitu proses dimana seseorang diawali dengan kelahirannya dari perut sang ibu yang dikandung selama sembilan bulan, kemudian tumbuh menjadi dewasa, menikah, memiliki anak, menua bersama pasangan, dan akhirnya meninggal”.*

Dina nyanghareupan atawa ngalaman hiji prosés kahirupan anu dianggap penting, ilaharna éta prosés téh sok dibarengan ku dilaksanakeunana hiji ritual atawa upacara adat. Dina kamus istilah antropologi dijéntrékeun yén,

*“upacara (ritual, ceremony) diartikan sebagai sebagai sistem aktivitas atau rangkaian tindakan yang ditata oleh adat atau hukum yang berlaku dalam masyarakat yang berhubungan dengan berbagai macam peristiwa tetap yang biasanya terjadi dalam masyarakat yang bersangkutan”* (Pudentia dina Sugiana, spk., 2014 kc. 106).

Adat anu patali jeung daur hirup masarakat Sunda di antarana aya adat nikahan, kakandungan, sanggeus ngajuru, mangsa *pertumbuhan*, sunatan, maot, jeung cara ngubaran panyakit. Dina *Ensiklopedia Sunda* (Rosidi, 2000, kc. 14-19),

adat anu patali jeung daur hirup téh tétéla yén aya adat mulasaran bali, adat  
ngaraksa ngajuru,

adat ngariksa nu reuneuh, adat ngawinkeun, adat ngurus orok, jeung adat nu nyiram. Sedengkeun numutkeun Prawirasuganda (1964, kc.5) nalika lahir aya sawatara tradisi anu biasa dilakukeun di antarana tradisi tingkeban, mandi kembang, ngurus orok, mulasara bali, pépéling-pépéling pikeun salaki, masrahkeun anu karék ngajuru ka salakina, jst. Nalika sunatan aya tradisi ngaleunggeuh, mandi kembang, jst. Nalika kawin aya tradisi nanyaan, ngeuyeuk seureuh, nyawér, buka pintu, huap lingkung, numbas, ngunduh mantu, jst. Jeung nalika maot, aya ngamandian mayit, nyolatkeun, nguburkeun, sedekah, maca kitab *Telekin*, melak kamboja, hanjuang, caringin, jst.

Di Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat, aya hiji tradisi anu dilaksanakeun dina mangsa sanggeus ngajuru, nyaéta nalika umur budak antara 35-40 poé anu disebut tradisi *babanyo*. Mun di daérah séjén tradisi *babanyo* téh méh sarua jeung tradisi *mahinum* nu aya di tatar Sunda daérah séjénna, atawa tradisi *selapanan* anu dilaksanakeun di Jawa, tradisi *turun mandi* di Minangkabau, jeung *marhabaan* anu ilahar dilaksanakeun ku masarakat anu ngagem agama Islam. Sok sanajan méh sarua dilaksanakeun dina poé ka 35-40 sanggeus ngajuru, éta tradisi-tradisi téh tangtu miboga ciri hasna séwang-séwangan anu teu dilaksanakeun dina tradisi-tradisi séjén. Sedengkeun dina *Ensiklopedia Sunda* (Rosidi, 2000, kc.15-16) adat ngaraksa anu ngajuru dina poé ka 40 téh ngawengku *ngurut ngarérékép* nyaéta ngurut anu pamungkas (saacanna dilaksanakeun dina poé ka tilu sanggeus ngajuru nyaéta *ngurut ngirabkeun*, liwat tujuh poé ti *ngurut ngirabkeun* anu geus ngajuru téh diurut *netepkeun*, satuluyna *nggurut netepkeun* dilaksanakeun tujuh poé sakali nepi ka *ngurut ngarérékép*). Sanggeus 40 poé, indung beurang ngarasa geus tuntas ngurus anu ngajuru jeung budakna, ku kituna anu geus ngajuru téh dipasrahkeun deui ka salakina, upacara pamasrahan ieu disebut *sibanyo*. Lian ti *sibanyo*, dina poé ka 40 ogé sok dilaksanakeun tradisi *mahinum*, nyaéta nyieun pahinum/angeun humbut jeung sisikian pikeun nyalametkeun anu hudang ngajuru. Nu ngadahar pahinum lain nu geus ngajuru wungkul, tapi sakabéh tatangga ogé dibére (minangka méré informasi geus 40 poé ti ngajuru).

Tradisi *babanyo* dianggap salaku hiji tradisi anu kawilang penting, hususna pikeun masarakat Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat, lantaran ieu tradisi nandakeun prosés ahir indung beurang dina ngurus budak jeung indungna. Numutkeun Danadibrata (2009 kc. 64) “kecap banyo atawa *babanyo* hartina ngumbah dampal suku, upamana lamun rék asup ka masjid kudu babanyo heula; pangantén awéwé lamun tas dirapalan biasana sabada disawér, terus nyibanyoan dampal suku pangantén lalakina (sabada acara nincak endog); sedengkeun ari sibanyo nyaéta ngumbah dampal leungeun katut ramona nu kotor, upamana méméh atawa sanggeus dahar maké leungeun”. Dina ieu tradisi, kecap *babanyo* asal kecapna tina kecap *sibanyo* anu miboga harti ngumbah leungeun. Ieu hal patali jeung salah sahiji kagiatan anu dilakukeun dina ieu tradisi, nyaéta silih ngumbah leungeun antara indung beurang jeung indung budak. Ieu hal dilakukeun minangka simbol nganuhunkeun jeung silih bébaskeun tina sagala rupa kasalahan salila indung beurang ngurus indung budak.

Kiwari tradisi *babanyo* téh méh teu dipikawanoh deui jeung dianggap kurang penting ku generasi ayeuna, boh kana istilah-istilah, prak-prakan, boh hal-hal séjén anu patali jeung ieu tradisi. Ieu hal luyu jeung salah sahiji artikel nu dimuat di *kompas.com* (Rebo, 26/11/08) nu nétélakeun yén “*rasa bangga dan kepedulian melestarikan budaya kurang tertanam di generasi muda Indonesia saat ini. Minat mereka untuk mempelajarinya kurang*”. Lian ti kurangna kareueus masarakat kana tradisi karuhun jeung pola pikir masarakat anu geus modéren, faktor palaku aktif/*active bearer* (indung beurang) tina tradisi *babanyo* ogé kiwari beuki ngurangan, lantaran geus loba nu tilar dunya jeung euweuh nu neruskeun. Padahal hiji tradisi atawa kabudayaan geus tangtu kudu dijaga, diraksa jeung dimumulé ku urang balaréa salaku generasi anu kudu nurunkeun deui ieu tradisi ka generasi satuluyna.

Sangkan ieu tradisi bisa dipikawanoh deui, ogé jadi panghudang kareueus masarakat dina numuwuhkeun rasa hayang ngamumulé hususna kana tradisi *babanyo*, panalungtik ngarasa perlu ngaguar ngeunaan ieu tradisi maké ulikan sémiotik. Lian ti éta, usaha anu bisa dilakukeun sangkan ieu tradisi henteu tumpur jeung bisa dipikawanoh ku nonoman-nonoman jaman kiwari téh nyaéta ku cara

diwanohkeun di dunya atikan (sakola). Salah sahijina ku cara dijieun alternatif bahan pangajaran. Saupama nilik kurikulum anu ayeuna digunakeun, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijieun bahan pangajaran pikeun maca artikel nu aya di SMA kelas XII.

Panalungtikan-panalungtikan ngeunaan tradisi dina daur hirup manusa kawilang réa dilaksanakeun, di antarana; “Upacara Adat Gusaran nu aya di Désa Tambakmekar Kacamatan Jalancagak Kabupatén Subang : Ulikan Struktural jeung Sémiotik”(Nurlaéla Novianti, 2015), “Tradisi Motong Munggel di Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di Kelas XII SMA (Ulikan Sémiotik)” (Mu’min Ishak Ramdani, 2017), “Tradisi Ngayun di Kacamatan Rawamerta Kabupaten Karawang (Kajian Struktural-Sémiotik)” (Uus Sugiana, 2014). Tapi nepi ka kiwari can kungsi aya nu nalungtik ngeunaan tradisi *babanyo* di Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat, padahal ieu tradisi mangrupa salah sahiji asét budaya urang Sunda anu miboga ajén-inajén sarta kudu tuluy dimumulé. Ogé hasil tina ieu panalungtikan bisa dijieun karya tulis ilmiah dina wangun artikel anu satuluyna dijieun bahan pangajaran. Ku kituna ieu panalungtikan dibéré judul “Tradisi *Babanyo* di Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII (Ulikan Sémiotik)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan henteu leupas tina sababaraha masalah.

- 1) Kumaha déskripsi ngeunaan tradisi *babanyo* nu aya di Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat?
- 2) Unsur sémiotik naon waé nu kapanggih dina tradisi *babanyo* di Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan anu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta medar sarta maluruh ngeunaan tradisi *babanyo* nu aya di Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan:

- 1) tradisi *babanyo* di Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat;
- 2) unsur sémiotik nu kapanggih dina tradisi *babanyo* di Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat;
- 3) ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina hasil ieu panalungtikan ngawengku tilu aspék, nyaéta: 1) mangpaat tina segi tioritis, 2) mangpaat tina segi kawijakan, jeung 3) mangpaat praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban khasanah kabudayaan Sunda hususna ngeunaan unsur sémiotik tina tradisi *babanyo*, lian ti éta hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber référénsi pikeun panalungtikan nu leuwih jero deui ngeunaan tradisi *babanyo* kahareupna.

#### 1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salah sahiji tarékah pikeun mantuan pamaréntah dina ngadokuméntasikeun hiji tradisi anu hirup kumbuh di masarakat. Lian ti éta ieu hasil panalungtikan ogé bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran, utamana pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

### 1.4.3 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun rasa cinta jeung kareueus masarakat, hususna masyarakat Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat sangkan bisa tuluy ngamumulé budayana hususna tradisi *babanyo*.

### 1.5 Sistematika Tulisan

Ieu hasil panalungtikan baris dipidangkeun dina wangun skripsi, nyaéta disusun jadi lima bab anu luyu jeung *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah UPI Tahun Akademik 2016*. Sistematika penulisanana nyaéta ieu di handap.

Bab I bubuka, ngawengku kasang tukang, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan anu ngawengku mangpaat tina segi tioritis; mangpaat tina segi kawijakan; jeung mangpaat praktis. Lian ti éta ieu bab maluruh ogé ngeunaan sistematika penulisan hasil panalungtikan.

Bab II kajian pustaka, ngawengku konsép-konsép atawa tiori-tiori anu jadi tatapakan tina ieu panalungtikan tur patali jeung masalah tina ieu panalungtikan. Lian ti éta, aya ogé panalungtikan-panalungtikan saacanna anu relevan.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, partisipan jeung tempat panalungtikan, instrumen jeung téhnik ngumpulkeun data, sarta analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan, hasil ngolah data, jeung analisis data anu luyu jeung rumusan masalah, kalayan ngagunakeun tiori-tiori anu dipedar dina BAB II.

Bab V simpulan, implikasi, jeung rékomendasi, anu eusina midangkeun tafsiran jeung prosés méré ma'na panalungtik kana hasil analisis hasil panalungtikan sarta hal-hal penting séjen anu hasilna bisa dimangpaatkeun.